



Pou Piblikasyon Imedya: 06/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE AJANS LETA YO POU PRAN PREKOSYON AVÈK
INONDASYON KÒM YO PREVWA GWO LAPLI JODI A AK VANDREDI**

Alèt ak Avètisman kont Inondasyon an plas pou Pifò New York

*Posibilite pou gen Inondasyon, Gwo kou Piti, onivo Sous Dlo, Rivyè, Zòn Ba, Zòn
Iben, ak Zòn ki pa gen Bon Drenaj*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande ajans leta yo prepare yo pou jere pwoblèm inondasyon toupatou nan eta a, e li te mande tout moun New York pran mezi pou pare pou gwo lapli k ap kòmanse tonbe jodi a e kontinye nan Vandredi. Pafwa pral gen gwo lapli, e konbinezon lanèj ki fonn ak gwo lapli sa yo kapab lakòz inondasyon modere nan rivyè ak sous dlo ki deja plen dlo, zòn ki ba, zòn iben, ak zòn ki pa gen bon drenaj. Nan Western New York, gen de zòn ki kapab vin anba senk pous nèj si yo pi wo, ofiyamezi move tan ap travèse eta a.

“Ak gwo lapli yo pwevwa, m ap mande ajans leta yo pou yo pare sizoka ta vin gen inondasyon e mwen ankouraje moun New York pran prekosyon e rete an sekirite,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Moun New York dwe pare sizoka kondisyon wout you danjere e ajans leta yo ap annalèt e pare pou ede kominote toupatou nan eta a si sa ta vin nesèsè.”

Gouvènè Cuomo mande Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services), Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation), Lapolis Eta New York, Pak Eta New York, ak lòt ajans leta yo, pou yo prepare anplwaye, byen ak rezèv pou apiye efò entèvansyon ki gen dwa vin genyen pandan alèt ak avètisman pou inondasyon ki an plas prezantman atravè eta a. Sant Alèt Eta a (State Watch Center) avèk Sant Operasyon Ijans la (Emergency Operations Center) te kòmanse fonksyone e fè siveyans ranfòse a 8 a.m. jodi a.

Chak grenn nan nèf rezèv rejyonal Eta a pare avèk yon machin sak sab, plizyè dèlko, ponp ak tiyo e yo gen plis pase 768,000 sak sab yo kapab ranpli atravè eta a. Ekip Sovtaj rapid Divizyon an: New York Task Force-2, Ekip “Urban Search, ak Rescue,”

bato, ak machin a esye elve pare pou deplwaman. Anplis de sa, pa mezi prekasyon, yo deja deplwaye 20,000 sak sab ak yon machin sak sab nan Konte Oneida, ki pral pataje resous sa yo ak Konte Herkimer.

Tout resous Lapolis Eta, pami lèkèl machin touteren, machin ak esye elve, avèk bato, pare pou deplwaman. Kat idwoglès e kat bato Zodiac nan rejyon an aladispozisyon ekip sovtaj rapid ki resevwa fòmasyon pou plonje, toupatou nan eta a. Troupè resevwa lòd pou rete annalèt epi pou pandan y ap fè patwouy yo kontwole seryezman zòn ki gen tandans inonde lè dlo monte.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman an ap siveye depre move tan e li gen plan ak anplwaye ki an plas pou sizoka ta gen inondasyon. DEC gen otomobil ak ekipman dijans, tankou paregzanp machin touteren, machin sèvis piblik, bato, ak lòt ekipman pou inondasyon, ki pare pou deplwaman jan sa nesèsè toupatou nan eta a.

DEC jere e antreteni 106 pwojè pou kontwòl inondasyon toupatou nan eta a, pami lèkèl dig, baraj pou inondasyon, ak estasyon ponp. Pwojè sa yo pare pou fonksyone si dlo larivyè a si tèlman monte sa mande pou yo gen rekou a nenpòt kilès nan pwojè sa yo. Anplis de sa, pwogram Sekirite Baraj (Dam Safety) DEC a mande pou mèt baraj pou Danje Segondè ak Entèmedyè (High and Intermediate Hazard) devlope Plan Aksyon Ijans. DEC enspekte kalite baraj sa yo regilyèman. Plan yo egzije pou avèti administratè ijans lokal yo ak DEC lè gen yon ensidan avèk baraj yo. Gen kèk plan ki mande pou bay avètisman oka dlo a koule eksèsivman tou. Lè yo mande li fè sa, DEC avèti otorite lokal yo tou lè gen ensidan oswa posibilite pou gen endisan konsènan baraj yo.

Nan kad preparasyon pou move tan ak inondasyon, Pak Eta New York yo mande lapolis ak anplwaye pak yo pou yo kontwole seryezman dènye mizajou meteyo ak efò pou prepare pou tanpèt. Pak Eta New York yo kòmanse evalye e bese nivo lak yo, netwaye pasaj idwolik e prepare ekipman ki nesèsè. Itilizatè pak yo dwe tcheke www.nysparks.com oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) ap prepare li aktivman pou lè dlo a monte; li prepare ekipman ak anplwaye ki pral siveye inondasyon, kontwole pon yo lè dlo a monte, epi entèveni jan sa nesèsè. Ekip DOT yo ap travay aktivman pou netwaye pasaj idwolik ak basen drenaj pou asire yo koule san pwoblèm. NYSDOT gen 3,845 operatè ak sipèvizè toupatou nan eta a ki pare pou entèveni avèk 1,463 gwo kamyon pil fatra, 322 charyo, 73 pèl mekanik, 21 nivelèz, 12 kamyon nasèl, 17 kamyon vakyòm ak sistèm kanalizasyon, senk trelè ak sistèm kanalizasyon, 12 tank dlo, 13 ponp dlo, ak 4 bildoze.

Pa mezi prekasyon, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), nan tèt ansanm avèk New York State Canal Corporation ak Brookfield Renewable Partners, te ogmante ekoulman dlo nan Hinckley Reservoir al nan West Canada Creek pou pèmèt gen plis plas nan rezèwa a sizoka ta gen plis lapli. NYPA ap kontwole nivo dlo an san rete epi l ap kontinye jete dlo jouk yo wè inondasyon an prèske rive nan nivo pi

wo li. Si sa rive, NYPA ap sispann ekoulman an epi y ap kenbe dlo a, sa ki va diminye e ralanti leplis posib gwo ekoulman ki soti nan devèswa a. NYPA jere santral idwolik Gregory B. Jarvis sou bò nò rezèvwa a.

Alèt ak Avètisman kont Inondasyon an plas pou pifò nan eta a:

Reiyon Kapital

- Alèt kont Inondasyon: an plas pou Konte Albany, Columbia, Greene, Rensselaer, Southern Saratoga, Schenectady, Washington, ak Warren jiska 8 a.m. nan samdi matin.

New York Santral

- Alèt kont Inondasyon: Konte Southern Cayuga, Cortland, Madison, ak Onondaga, an plas jiska 8 a.m. nan samdi matin.
- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Northern Cayuga, ak Oswego, an plas jiska 2 p.m. nan samdi.

Finger Lakes

- Alèt Inondasyon: pou Konte Seneca ak Yates, an plas jiska 8 a.m. nan samdi matin.
- Alèt kont Inondasyon: Genesee, Livingston, Monroe, Ontario, Orleans, Wayne, ak Wyoming, an plas jiska 2 p.m. nan samdi.

Long Island

- Alèt kont Inondasyon: an plas pou Konte Nassau and Suffolk jiska 2 p.m. nan vandredi
- Avètisman kont Inondasyon sou Kòt yo: pou kòt osid pa dèyè Western Long Island, pou jedi apremidi ak jedi swa, lè mare a monte.

Mid- Hudson

- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Dutchess, Sullivan, ak Ulster, jiska 8 a.m. nan samdi matin.
- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Orange, Putnam, Rockland, ak Westchester, jiska 2 p.m. nan vandredi.

Mohawk Valley

- Alèt kont Inondasyon: an plas pou Konte Fulton, Herkimer, Montgomery, Oneida, Otsego, ak Schoharie, jiska 8 a.m. nan samdi matin.

- Avètisman kont Inondasyon: an plas pou Mohawk River nan Delta Dam nan Konte Oneida jiskaske yo di lòt bagay.

Vil New York

- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Bronx, Kings, New York, Queens, ak Richmond, jiska 2 p.m. nan vandredi
- Avètisman kont Inondasyon sou Kòt yo: pou Kings, Queens, ak lower NY Harbor pou jedi aprèmidi ak jedi swa, lè mare a monte.

North Country

- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Clinton, Essex, Franklin, Hamilton, ak St. Lawrence apati jedi maten jiska 8 a.m. nan samdi maten.
- Alèt kont Inondasyon pou Konte Jefferson ak Lewis jiska 2 p.m. nan samdi.

Southern Tier

- Avètisman kont Inondasyon: an plas pou Chenango River nan Sherburne nan Konte Chenango jiskaske yo di lòt bagay.
- Avètisman kont Inondasyon: pou Susquehanna River nan Conklin k ap afekte Konte Broome apati jedi maten jiskaske yo di lòt bagay.
- Avètisman kont Inondasyon pou Susquehanna River nan Vestal ki afekte Konte Broome ak Tioga soti jedi aprèmidi jiskaske yo di lòt bagay.
- Avètisman kont Inondasyon pou Susquehanna River nan Bainbridge k ap afekte Konteg Chenango ak Delaware soti aswè a jiska samdi aprèmidi.
- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Steuben, Tioga, ak Thompkins jiska 8 a.m. nan samdi.

Reiyon Lwès New York

- Alèt kont Inondasyon: pou Konte Allegany, Cattaraugus, Chautauqua, Erie, ak Niagara jiska 2 p.m. nan samdi.

Alèt kont inondasyon oswa yon inondasyon toudenkou vle di ke gen posibilite pou gen inondasyon nan zòn ki resevwa alèt la, baze sou kondisyon meteyo aktyèl yo — lè yo pibliye yon alèt, sitwayen yo ta dwe vijilan epi pare pou aji. Yo pibliye avètisman kont inondasyon oswa inondasyon toudenkou lè yo rapòte inondasyon an oswa inondasyon an iminan — lè sa a, piblik la ta dwe pran prekosyon ki nesèsè e pase alaksyon tousuit. Li enpòtan pou sitwayen yo jwenn enfòmasyon ajou sou meteyo a pandan avètisman kont inondasyon an, paske inondasyon kapab deklanche rapidman.

Pi bon fason pou resevwa enfòmasyon sou sityasyon ijans se pou abone nan NY-ALERT (www.nyalert.gov), sistèm notifikasyon tout danje eta a; li gratis epi ou ka adapte li.

Gouvènè Cuomo ankouraje tout moun New York fè byen atansyon a enfòmasyon sou sekirite sila yo:

Preparasyon pou Sekirite nan ka Inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese. Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Pwogramme tout nimewo telefòn dijans sou telefòn moun nan fanmi an.
- Fè yon lis detaye – epi pran foto ak videyo si posib -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv atik ijans tankou manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen ak dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Fè yon plan pou bèt domestik yo.
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chèche konnen anplasman pwopriyete w la parapò a nivo inondasyon yo di ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans.
- Tcheke kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Prekosyon sou Wout yo pandan yon Inondasyon

Pandan yon inondasyon toudenkou, machin ou kapab tounen pi gwo danje ki genyen. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) rapòte ke plis pase mwatye nan tout nwayad pandan inondasyon rive lè yo kondwi machin nan dlo inondasyon ki gen danje ladan.

- Pa eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Kondwi nan 6 pous dlo dòmi ka lakòz machin nan pèdi kontwòl e kapote.
- Pa souzestime pwisans destwiktif dlo k’ap kouri vit yo. Yon pye dlo toransyèl gen dwa brote yon ti machin ale e de pye dlo sèlman ka pote ale pifò machin tankou SUVs ak kamyon pikòp pandan yon inondasyon. Dlo k’ap kouri a yon vitès de (2) kilomèt pa è ka pote ale machin ki sou yon wout oswa sou yon pon.
- Siveye zòn kote rivyè oswa kouran dlo ka monte toudenkou epi kreye inondasyon, tankou kote otowout la anpant, pon, ak zòn ki ba.

- Si ou nan yon machin epi dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.

Sekirite pou inondasyon pandan yon inondasyon:

- Kontwole Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik (National Oceanic & Atmospheric Administration, NOAA) oswa emisyon estasyon radyo ak televizyon lokal pou jwenn enfòmasyon.
- Si otorite lokal yo konseye moun deplase, fè sa san pèdi tan. Si yo mande w ale yon kote espesifik, ale la.
- Konnen ki koteabri yo lokalize.
- Kòm prekosyon anvan nenpòt inondasyon, tcheke drenaj sousòl yo pou asire yo pa bouche epi fil ki gen kouran pa chita atè. Si gentan gen inondasyon nan yon kay oswa biznis, rele konpayi sèvis piblik ou pou yo koupe sèvis elektrisite ak gaz natirèl. Sizoka inondasyon, pa janm eseye koupe sèvis elektrisite ak gaz natirèl. Pa rete nan sousòl ki inonde. Fil oswa ekipman kouran ki anba tiyo dlo a ka lakòz danje; sèvis gaz natirèl nan yon sousòl inonde ka reprezante yon danje tou.
- Pote antre andedan kay la tout sa ou genyen deyò a, tankou paregzanp bokit fatra, machin pou koupe zèb, ak lòt objè mobil, oswa mare yo byen sere.
- Si gen tan, deplase tout mèb ak atik enpòtan pou mete yo nan etaj anlè nan kay la.
- Dekonekte aparèy menaje ki pa kapab deplase yo. PA manyen yo si ou mouye oswa si ou kanpe nan dlo.
- Pou sekirize lakay ou, klete tout pòt ak fenèt.
- Ou ka jwenn plis konsèy sekirite pou rete pwoteje anvan, pandan, e apre inondasyon ansanm avèk lòt tanpèt yo sou sitwèb DHSES: www.dhSES.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418